

# ENFÒMASYON SOU SANTE NAN YON SÈL TABLO

Konsèy pou ede timoun grandi ansante!

## Lè pitit nou yo fèt, yo pa vin jwenn nou ak yon liv ki esplike kisa nou dwe fè.



### Men pi bon enfòmasyon nou ka jwenn.

Depi lè yon nan kouchèt jouktan yo pare pou kondui oto, pitit nou yo ap konte sou nou pou yo ka jwenn swen sante yo bezwen. Men kèk enfòmasyon enpòtan pou derape yo byen ak kenbe yo nan bon chimen pou lasante.

#### VAKSEN (Piki)

Bon jan iminizasyon, se mwayen ki pi garanti, ak pi efikas pou pwoteje pitit ou kont danje ki nan maladi timoun.

Depi timoun lan fèt rive sou 1 an

- Epatit B: premye ak dezyèm vaksen
- Difteri, Tetanòs, ak Koklich (DTaP): premye, dezyèm, ak twazyèm vaksen
- Emofili-b (Hib): premye, dezyèm, ak twazyèm vaksen
- Polyo: premye ak dezyèm vaksen
- Konbinezon vaksen antinimokosik: premye, dezyèm, ak twazyèm vaksen
- Vaksen kont grip: premye ak dezyèm vaksen
- Vaksen wotaviris: premye, dezyèm, ak twazyèm dòz

1 an rive 2 an

- Epatit A: premye ak dezyèm vaksen
- Epatit B: twazyèm vaksen
- Difteri, Tetanòs, ak Koklich (DTaP): katriyèm vaksen
- Emofili-b (Hib): twazyèm oubyen katriyèm vaksen
- Polyo: twazyèm vaksen
- Konbinezon vaksen antinimokosik: katriyèm vaksen
- Lawoujòl, malmouton, ak saranpyon (MMR): premye vaksen
- Varisèl: premye vaksen
- Vaksen kont grip: chak ane

3 an rive 6 an

- Difteri, Tetanòs, ak Koklich (DTaP): senkyèm vaksen
- Polyo: katriyèm vaksen
- Lawoujòl, malmouton, ak saranpyon (MMR): dezyèm vaksen
- Varisèl: dezyèm vaksen
- Vaksen kont grip: chak ane

11 an rive 18 an

- Vaksen kont mennenjit (MCV4): premye vaksen
- Tetanos, difteri, ak koklich (TDaP)
- Vaksen kont papiyomaviris
- (HPV) pou gason ak fi: premye, dezyèm, ak twazyèm vaksen
- Vaksen kont grip: chak ane

**\*Atansyon: Gen timoun ki ka bezwen lòt kalite vaksen. Tanpri, mande doktè k ap okipe pitit ou ki vaksen timoun lan bezwen.**

#### DEPISTAJ KONT PLON

Yon ti kantite plon nan kò pitit ou kapab lakòz li gen pwoblèm pou aprann, oswa nan jan li aji, oswa nan jan li pale. Se yon tès san sèlman ki ka pèmèt konnen si timoun lan gen twòp plon nan kò li.

Yo dwe fè tès sa yo pou timoun:

- lè yo gen 12 mwa
- lè yo gen 24 mwa
- Pout tout timoun ki rive laj 6 an, san yo pa janm fè yon tès pou plon



#### VIZIT KAY DANTIS

Ekspè yo konseye pou timoun fè premye vizit kay dantis yo lè y ap rive sou laj 1 an. Pandan pitit ou ap grandi, ou dwe mennen l kay dantis pou fè gade dan l chak 6 mwa.

#### VIZIT KAY DOKTÈ POU "TIMOUN ANSANTE"

Vizit medikal timoun fè regilyèman pèmèt doktè a veye sante pitit ou, ak anpeche timoun lan vin gen pwoblèm.

Anplis yo mezire wotè timoun lan, konbyen li peze, ak tansyon li, vizit timoun "ansante" a kapab kouvri tou:

- Revizyon tout listwa sante ak devlopman timoun lan
- Evalyasyon sou devlopman fizik ak sante mantal li
- Egzamen fizik depi nan tèt rive nan pye l
- Depistaj pou plon
- Edikasyon ak direktiv antisipe sou kesyon sante
- Tès laboratwa oswa lòt tès pou dyagnostike maladi, tankou pwatrinè
- Tès pou je, zòrèy, ak dan
- Evalyasyon rejim alimantè

#### KALANDRIYE VIZIT KAY DOKTÈ POU "TIMOUN ANSANTE"

Anvan 1 semenn • 1 mwa • 2 mwa • 4 mwa • 6 mwa  
9 mwa • 12 mwa • 15 mwa • 18 mwa • 24 mwa\*

\*Aprè 24 mwa, pitit ou dwe fè yon egzamen chak ane.

#### Èske fanmi w gen asirans sante?

Si w gen nenpòt ki moun nan fanmi w ki pa gen kouvèti asirans, tanpri rele NJ FamilyCare, oubyen ale nan sit entènèt nou an. Lè sa a, n a ede w jwenn enfòmasyon pou w konnen si w kalifye pou kouvèti asirans gratis oswa bon mache.

# NJ FAMILYCARE

Affordable health coverage. Quality care.

**1-800-701-0710**

(Gen operatè ki pale plizyè lang)

**TTY 1-800-701-0720**

(Pou moun ki pa tande byen)

**www.njfamilycare.org**